

## DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen kont Zona ki rekonbine (Zona): Sa w Dwe Konnen


Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

## 1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont Zona ki rekonbine (Zona) kapab anpeche ou pran zona.

**Zona** (yo rele èpès zoster, oswa zoster tou) se yon demanjezon ki mache ak doulè sou po, jenralman ak plè. Anplis gratèl, zona kapab bay lafyèv, maltèt, frison, oswa wo lestomak fè mal. Raman, zona kapab mennen ak konplikasyon tankou nemoni, pwoblèm pou tande, pa kapab wè, anflamasyon nan sèvo ( ansefalit), oswa lanmò.



Risk pou genyen zona ogmante ak laj. Konplikasyon ki plis kouran pou zona se doulè alontèm nan nè yo rele "neuralji aprè zona (postherpetic neuralgia, PHN). PHN parèt kote gratèl zona a te ye an epi kapab rete la pandan plizyè mwa oswa ane avan gratèl lan ale. Doulè PHN yo kapab anpil epi ap afebli.

Risk pou genyen PHN lan ogmante ak laj. Yon granmoun aje ki gen zona genyen anpil chans pou devlope PHN epi genyen doulè ki plis long epi pi entans pase yon moun ki pi jèn.

Moun ki genyen sistèm iminitè ki afeblitou genyen yon risk ki wo pou genyen zona ak konplikasyon ki mache ak maladi an.

Se viris varisèl-zona ki lakòz zona, menm viris ki bay saranpyon an. Aprè w fin genyen saranpyon, viris lan rete nan kò ou epi li kapab ba ou zona lè w vin rantre nan laj. Yon moun pa kapab bay yon lòt moun zona, men yon moun ki genyen viris zona a kapab pwopaje li epi bay yon moun ki poko jan pran vaksen kont saranpyon genyen saranpyon

Recombinant Zoster (shingles) VIS - Haitian Creole (2/4/22)

## 2. Vaksen kont zona Rekonbine

Vaksen kont zona Rekonbine bay gwo pwoteksyon kont zona. Vaksen kont zona Rekonbine, pou evite zona, pwoteje tou kont PHN ak lòt konplikasyon yo.

Yo rekòmande vaksen kont zona Rekonbine pou:

- **Granmoun ki gen 50 lane ak plis**
- **Granmoun ki genyen 19 lane ak plis ki genyen yon sistèm iminitè ki afebli poutèt maladi oswa tretman**

Se an de (2) dòz yo bay vaksen kont zona a. Pou majorite moun yo, se de (2) jiska sis (6) mwa aprè premye dòz lan yo resevwa dezyèm dòz lan. Kèk moun ki genyen oswa ki pral genyen yon sistèm iminitè ki afebli kapab pran dezyèm dòz lan yon (1) jiska de (2) mwa aprè premye dòz lan. Mande pwofesyonèl swen sante ou an pou jwenn plis enfòmasyon.

Moun ki te genyen zona nan pase epi moun ki deja pran pran vaksen kon varisèl (saranpyon) yo rekòmande moun sa yo pran vaksen kont zona Rekonbine an. Yo rekòmande vaksen an tou pou moun ki te deja pran yon lòt kalite vaksen kont zona, vaksen kont zona ki aktif lan. Pa genyen okenn viris aktif nan vaksen kont zona Rekonbine.

Yo kapab bay vaksen kont zona ansanm ak lòt vaksen an menm tan.



**U.S. Department of Health and Human Services**  
Centers for Disease Control and Prevention

---

### 3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

---

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont vaksen kont zona Rekonbine**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Aktyèlman li **genyen zona k ap ba li pwoblèm**
- Li **ansent**.

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab deside pou li voye vaksinasyon kont polyo an pou yon lòt vizit.

Moun ki pa twò malad oswa ki malad anpil yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen an. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont vaksen kont zona Rekonbine.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

---

### 4. Risk reyakasyon ak yon vaksen

---

- Yon ti doule nan bra oswa ki modere se sa ki plis alamòd aprè vaksen kont zona Rekonbine. Reyasyon alèjik ak enflamasyon kapab rive nan zòn kote yo bay piki a.
- Fatig, doule nan misk, maltèt, frison, lafyèv, doule nan lestomak, ak vètij se sa yo ki plis kouran aprè vaksen kont zona Rekonbine.

Efè segondè yo kapab anpeche yon moun ki pran vaksen ale nan aktivite li yo tanporèman. Jeneralman sentòm yo prale pou kont yo nan de (2) a twa (3) jou. Ou dwe toujou pran dezyèm dòz vaksen kont zona Rekonbine menm si w te genyen youn nan reyakasyon sa yo aprè premye dòz ou an.

Sendwòm Guillain-Barré syndrome (GBS), yon gwo twoub nan sistèm nève a, yo te rapòte sa trè raman aprè vaksen kont zona Rekonbine a.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyakasyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

---

### 5. Kisa k ap pase so genyen yon pwoblèm ki grav?

---

Yon reyakasyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyakasyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyakasyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou rapòte reyakasyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

---

### 6. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
  - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Vizite sitwèb CDC sou [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).

